



Notredam Pèpetyel Sekou
Patwòn Peyi Dayiti
Jen 2020

Nevèn pou prepare fèt Manman Pèpetyel Sekou

Tèm Jeneral Nevèn nan

“ O Mari, Manman Pèp ayisyen, pote nou sekou nan soufrans saa”

Tèm pou chak jou

- 1e jou: Pote sekou pou moun kap souffri nan kò yo
- 2e jou: Pote sekou pou moun kap souffri izòlman ak mepri yo
- 3e jou: Pote sekou pou moun kap souffri nan nanm yo
- 4e jou: Pote sekou pou moun ki nan soufrans grangou yo
- 5e jou: Pote sekou pou moun ki nan lapenn dèy yo
- 6e jou: Pote sekou pou peyi nou k ap viv yon grav kriz politik
- 7e jou: Pote sekou pou malad ki paka jwenn lopital pou pran swen yo
- 8e jou: Pote sekou pou sila yo ki viktim ensekirite ak vyolans bandi
- 9e jou: Mete plis solidarite nan kè chak Ayisyen ak moun ki nan nesosite yo

Priyè Nevèn nan

Nan tout kwen nanm nou, Manman Pèpetyel Sekou, fè nou santiw la. Fè lapè ak kè kontan Granmèt la anvayi nou, pou liberasyon wap fè nou jwenn anba pandemi Covid-19 la. Ede nou rete vijilan nan moman difisil saa pou nou pa trape maladi kowonaviris la. Voye je sou moun ki pa gen pèsòn pou pran swen yo. Gras ak pwisans lapriyèw, Manman Pèpetyel, fè moun kap souffri yo jwenn delivrans pou yo retounen nan aktivite yo Avèk lapè nan lespri yo. Aprann nou vide sa ki peze lou sou zèpòl nou sou Bondye ki bay fòs Nan eprèw, sekou nan feblès. Fè nou respire lodè prezans ou pou nou ka santi nou rekonfòte. Se pou medsen nou yo jwenn fòs pa pouvwa lapriyèw pou yo rete an sante e byen prezan bò Kote malad yo. Soutni jefò Legliz la kap fè janl konnen poul akonpanye fidèl Pitit ou yo. Pote konsolasyon pou sa ki nan lapenn, rekonfò pou sa ki dekouraje, ki pèdi fòs. Fè nou soti nan erè, Bannou lagras pou nou fè konpliman pou Pitit ou a, Jezi Kri, pou sove li sove nou. Vire je gade peyi nou ki pòv, ki paka pran kou ankò men kap goumen kont flewo saa. Kenbel anba pwoteksyon w pou tout tan. Bay otorite piblik yo entèlijans ak ladrès pou yo dirije peyi a

Jan Bondye vlel la. Ede yo soti nan erè, ba yo bon volontè, montre yo bon chemen pou yo sèvi pèp la Avèk renmen, avèk respè.

Manman Pèpetyèl, men nou kap naje nan dlo ki pa klè. Bannou lasirans kew avèk nou, ede nou pou nou sòti ak kè kontan. Fè nou pataje lavi Pitit ou a, Jezi Kri, pou nou temwaye Nom li ki Sen. Fè nou goute mizerikòd Granmèt nou, Pitit ou. Ban nou la gras pou nou viv senp, bannou la charite pou nou fè sa ki byen san fè wè. Voye je sou fami yo sou tè a, fè tout moun jwenn la gras ak lasante pou pèsonn pa santil abandone. Amen

Priyè Nòtredam Pèpetyèl Sekou

O trè Sent Vyèj Mari, ou menm ki te vle nou fè ou konfyans nèt ale, ou te aksepte pote non si dous Manman Pèpetyèl Sekou a, Mwen priye'w an gras vin ede'm tout tan e tout kote nan tantasyon mwen, lè mwen tonbe nan sa ki mal, nan difikilte mwen yo, nan tout mizè lavia e sitou lè mwen prèt pou mouri.

O Manman ki gen bon kè, ban mwen anvi ak abitud pou'm toujou vin nan pye'w ak espwa, wap toujou kenbe mwen. Fè'm jwenn lagras ki depase tout lòt yo ; lagras pou'm lapriyè ou san rete ak konfyans nèt ale nan sekou pèpetyèl ou a k'ap ede'm pèsevere jiska la fen. O Manman Pèpetyèl Sekou, lapriyè pou mwen kounye-a ak lè mwen prèt pou mouri. Amèn

Nòtredam Pèpetyèl Sekou, Rèn nou, Patwòn nou

O Mari Rèn nou, Patwòn nou, O Manman Pèpetyèl Sekou, sonje nou te remèt ou peyi a espesyalman epi solanèlman. Pran pitye lamizè nou, mizè nanm nou, mizè kò nou. Delivre nou anba ravaj sipèstisyon, anba tout kalite lisans, epi soulaje soufrans nou yo. Fè vin gen piplis fanmi kretyen nan peyi a. Fè nou vin gen piplis bon pè, relijye, relijyèz ak layik apostola. Fè vin gen piplis travay

aksyon katolik ak travay aksyon sosyal pou soulaje pèp ou a. Aprann nou renmen. Aprann nou mete tèt ansanm anba drapo Kris la, pou lapè tabli nan peyi nou pou tout tan gen tan, gras ak lacharite ak lajistis.

Voye je sou Ayiti, wayom ou an, O Manman Pèpetyèl Sekou. Gade lapenn nou. Nou fè anpil gwo peche. Men mizerikòd Bondye pi bon pase peche nou. Di Pitit ou a, Jezi ki nan bra ou, yon sèl mo epi laperèz nou an va pase, Ayiti va sove. Amèn.

Priyè pou chak jou devan Imaj Manman Pèpetyèl la.

O Mari, Manman Jezi, Manman Pèpetyèl Sekou, pandan nèt jou sa yo, nou pral kontanple'w, pou'n kapab dekouvri nan Imaj ou a, tout senbòl ak tout leson ak mistè enpotan atis la ki te jwenn favè Lespri Sen an, te prezante. Se pa sèlman sou travay li fè ak sa nou pral li yo nou pral aprann, men nou pral chèche ak kisa ou menm pwofesè estròdinè sa a, ou vle montre nou sou Pitit ou a, sou Bondye nou an, ki se Papa, ki se Manman renmen an. Tanpri, ede nou rete fidèl nan swiv Jezi-Kri Pitit ou a, ban nou bon konprann, lafwa, lespwa ak renmen ou vle nou genyen lè n'ap kontanple'w ak lè n'ap rele'w, pou'n ka viv ak konfyans nèt ale nan sekou w ap ban nou an. Amèn.

(Mari se pou'w kontan....)

Manman Mari, ou menm ki Manman Jezi, ou menm ki etwal pou nouvèl Evanjelizasyon an, tanpri, n'ap rele'w, vin pote'n sekou, vin ede ankò peyi Dayiti ki malad.

Priyè final Sen Jan Pòl II.

O Lavyèj Pèpetyèl Sekou, siy estròdinè lespwa nou, ou menm ki sen e ki Manman Sovè a, n'ap lapriyè pou, tanpri, ede pitit ou yo ki vle

tounen moun tou nèf, fè nou angaje nou ak kè kontan nan solidarite tout bon vre a ak sa'k pi pòv yo etan n'ap anonse yo Bòn Nouvèl Pitit ou a ki se baz tout bon rapò nan mitan moun k'ap chèche laverite, lajistis ak lapè k'ap dire pou tout tan. Menm jan ak ti Jezi n'ap admire sou Imaj la, nou vle kenbe men dwat ou. Ou gen pouvwa ak bon kè pou ede'n nan tout sikonstans lavi a. Se lè paw la, vini non, ede nou, Se ou ki refij ak espwa nou. Amèn

Premye Jou

Tèm : Pote sekou pou moun kap souffri nan kò yo

Meditasyon : *N'ap kontanple Akanj Gabriyèl. Etan n'ap fikse je nou sou Akanj lan, n'ap lapriyè pou'n gen yon lafwa tout bon ki chita sou laverite pou'n ranplase kwè nan Bondye nan bouch ase a.*

Manman Pèpetyèl Sekou, Akanj Gabriyèl ki te pote mesaj Anonsyasyon an, parèt nan imaj la ak yon kwa ak klou nan men li. Sa fè nou sonje Nazarèt; se li menm kite desann nan youn nan senkant ti kay nan bouk la. Se la li te rankontre'w pou'l te anonse'w Mistè Enkanasyon an : pa pouvwa Lespri Sen an, Pitit Bondye a ta pral tounen Frè nou e se nan vant ou li te vin fè li moun nan. Se Nazarèt Jezi te grandi nan yon anbyans tou senp, san sa pa't fè bri, ak nan travay.

Se ou menm, Manman, ki te konn pran men Jezi nan men'w pou'w montre'l lapriyè pèp ou a. Manman cheri, ou se sèvant Granmèt la, ou se yon senp madanm marye, aprann nou renmen fwaye nou yo ak peyi nou an e ranpli yo ak kè kontan ak bon konprann. Ede'n respekte Bondye, ede'n bati yon sosyete sou jistis ak fratènite, kote ki gen manje ak travay pou tout moun. Amèn

Dezyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou moun kap souffri izòlman ak mepri

Meditasyon : *N'ap kontanple Michèl Akanj. Etan n'ap fikse je nou sou Akanj Michel, n'ap lapriyè pou lamizè, chomaj ak inyorans disparèt nan peyi a, epi pou se lajistis renmen ak lapè ki pran plas yo.*

Bò kote zepòl dwat ou, nou wè Michèl Akanj, kaptèn lame syèl la ak vanyan defansè glwa Bondye. Li fè'n sonje se Bondye sèl ki Granmèt syèl la ak tè a e Wayòm li an se yon Wayòm jistis, renmen ak lapè. Akanj lan kenbe yon eponj ak yon lans ak pwent manto vèt li a. Se yon eponj yo te tranpe nan vinèg pou yo bay Pitit ou a sou kwa lè li te swaf. Se ak yon lans yo te pèse kòt li kote dlo ak san te koule a. Men lanmò Pitit ou a pa't yon echèk ; aprè twa jou Papa'l ki nan syèl la te fè li leve byen vivan.

Depi lè sa a, lans la, eponj la ak kwa a, tounen senbòl laviktwa Jezi sou peche ak lanmò. Sa ki te siy malediksyon vin tounen senbòl laviktwa. Manman Pèpetyèl Sekou, bann nou lafwa nan San sakre Pitit ou ki gen pouvwa lave nou pou fè'n tounen pwòp nèt. Li bay lavi'l pou tout moun paske se nan renmen pouvwa li a chita.

Twazyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou moun kap souffri nan nanm yo

Meditasyon : *N'ap gade ekriti ki sou imaj la. Etan n'ap gade non Manman Bondye ak non pa Jezi-kri, sous mizerikòd, an nou lapriyè pou rayisans ak divizyon disparèt nan kè nou.*

Chak bò kouwòn ki antoure figi'w la, yo mete yon bann gwo lèt, ki se premye lèt nan mo « *Manman Bondye* ». Adwat bò tèt Pitit ou a

tou, nou kabab wè premye lèt non Jezi-Kri. Paske ou se Manman Jezi-Kri, Pitit Bondye a ki tounen moun, ou se Pèpetyèl Sekou ki p'ap janm sispann plede pou nou, ou se mwayen dirèk la pou nou jwenn sa nou bezwen lè nou mande li.

Ou se Manman Bondye. Se tit prensipal ou, ou sèl gen tit san parèy sa a. Genyen anpil manman ki gen pitit gran nèg, menm jan nou pa ka konte konbye fi nou konnen k'ap briye nan domèn politik, oubyen an lasyans. Men pami tout lòt kreyati, se pou ou sèl nou fè lwanj, ou menm sèl nou venere e se nan ou sèl nou jwenn kè kontan. Nou rele ou « Beni », poutèt Bondye sèvi ak ou tankou kanal pou'l manifeste kè sansib li gen pou nou de jenerasyon an jenerasyon. Sent Mari, ou menm ki « beni pase tout fi », lapriyè pou nou.

Katriyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou moun ki nan soufrans grangou

Meditasyon : *N'ap fikse je nou sou men goch Mari k'ap kenbe men Jezi. Manman Mari kenbe'n ak men goch li, menm jan li te kenbe Jezi. Ann mande'l aprann nou lage kò nou nèt nan men Bondye.*

Zanj yo gen nan men yo zouti pasyon yo (eponj, lans, klou, kwa). Nan men goch ou, ou kenbe ti Jezi. Nan ikòn sa a, se Nazarèt ak kalvè ki fè yon sèl, sa vle di se epòk lè Jezi te timoun ak lè li te mouri pou sove nou an ki reyini ansanm. Lè ou te prezante Jezi nan tanp la, Simeyon te di ou gen yon epe ki ta pral gen pou pèse kè'w. Depi lè sa a, Mari pa't gen yon jou ki te pase san ou pa't medite sou sans Pawòl sa a. Ou te konsève nan kè'w ni moman lè Jezi te konn pale pawòl timoun ak lè li te konn eseye fè premye ti pal yo, ni moman lè a te rive pou'l te pran endepandans li. Men ou te toujou fè vizyon lonbraj yon epe ki pandye sou tèt li, e sa te fè ou lapèn anpil.

39Manman Pèpetyèl Sekou, ou menm ki kore Jezi sou kè ou, soutni

nou pou nou pa fè lach lè n'ap fè vizyon tout pwoblèm maladi ak soufrans lavi a sere pou nou. Nou gen konfyans nan pwoteksyon ou, paske tit Pèpetyèl Sekou ou pote a, déjà envite nou pou'n asire'n sou ou.

Senkyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou moun ki nan lapenn dèy

Meditayon : *N'ap medite sou sans jès « Men nan men an ». Menm jan deviz nasyonal nou an di a: “Nan tèt ansanm nou gen fòs”, se pou men sa yo ki ansanm lan aprann nou viv ansanm epi pou nou voye jete tout vye kòlè, atake lòt ak fè vyolans.*

Ti Jezi chita sou men goch ou. Avèk men dwat ou menm, ou kenbe 2 men pa li yo etan dwèt ou, tou pweni ap montre figi li. Se ou, lè nòs Kana a ki te di : « Fè tout sa'l di nou fè ». Ou montre Jezi, sila ki debyen nèt la, e ki gen tout pouvwa a. Nan Imaj sa a, ou fè nou sonje se ou menm k'ap montre nou chemen an e k'ap gide nou pou jwenn li ; nou met di, ou se Lavyèj Chemen an. Jou Transfigirasyon an, Papa nou ki nan syèl la te di : « sa se Pitit mwen renmen anpil la, koute vwa li ».

Mari, ou menm ki an menm tan Manman ak premye disip Jezi, ou fè nou konprann kijan ou vle kenbe men nou pou ede nou swiv Pitit ou a tankou kretyen tout bon. Mèsi Manman, poutèt ou klere pou nou chemen ki mennen kay Papa a. Kore lafwa nou pou nou reprann espwa lè nou fatigue sou chemen lavi a.

Sizyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou peyi nou kap viv you grav kriz politik

Meditasyon : *N'ap adore Pitit la nan bra ou. Pitit la ki nan bra'w la, montre nou jan nou frajil, fè nou jwenn ankò sa'k fè valè nou kòm kretyen, kòm manm nan yon fanmi ak nan sosyete a ; pou nou renmen epi pou nou okipe tou sa ki anviwonnen nou.*

Manman Mari, n'ap kontanple Pitit ou a ankò, nou wè'l byen. Li pa ti bebe ankò. Li gen detwa ane deja. Souvni ki retounen nan lespri nou, se Nazarèt kote moun yo t'ap viv nan senplisite ak nan trankilite 40lakay yo. Ou bay tèt ou nan aktivite kay la; travay sou fou lakizin; al chèche dlo ak bwa, ale nan pwi nan bouk la men nan men ak Jezi, ki se pi bon kote pou nou rankontre zanmi, pou pale sou dènye evènman ki te pase nan bouk la ! Pandan tan sa a tout timoun yo ap jwe, e ti Jezi la nan mitan yo. Ak Jozèf ak Jezi, ou fòme yon fanmi senp nan ti bouk sa a ki chita kò'l nan peyi Izrayèl.

Bon Manman, klere nou pou'n ka toujou rekonèt prezans Papa nou ki nan syèl la, menm lè nou fatige ak lavi a. Li pa janm lage men nou, menm lè nou fatige ak lavi a. Li pa janm lage nou, menm lè difikilte fè nou fè fo pa nan lafwa nou. Kore nou pou nou kapab mete tout konfyans nou, lè n'ap mande' sa Jezi te montre di nan lapriyè a : pou li ban nou pen nou bezwen chak jou a, pou'l pa kite'n tonbe nan tantasyon ak dezespwa.

Setyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou malad ki paka jwenn lopital pou pran swen yo

Meditasyon : *N'ap fikse zetwal la. Zetwal la ki sou fon'w la ap gide'n sou chemen laverite a, etan l'ap fè nou evite tout manti, tout fot, tout malis ak koripsyon.*

Sou tèt ou Manman bon kè, nou wè yon zetwal. Li fè'n sonje zetwal ki te gide wa maj yo depi loryan jis Bètleyèm pou te adore Jezi a.

Ou tankou zetwal Bètleyèm sa a : Ou gide nou bay Jezi e ou montre nou ki kote pou nou jwenn li : nan Pawòl li, nan Lekaristi, nan silans lapriyè, nan frè ak sè nou yo espesyalman nan sa ki pi pov yo. Ou te la pami Apot yo jou lapannkot la, lè Lespri Sen an te kòmanse program preche Bòn Nouvèl la pou tout moun sou latè. Ou te akonpaye Legliz la depi nan premye pa li t'ap fè sou chemen misyon li. Misyon ou sen, ou se zetwal Evanjelizasyon an, ede nou ranpli misyon disip Pitit ou a. Beni jefò tout moun k'ap bay Bòn Nouvèl la.

Uityèm Jou

Tèm : Pote sekou pou sila yo ki viktim ensekirite ak vyolans bandi

Meditasyon : *N'ap admire koulè ki nan Imaj la. Koulè yo ki sou Imaj la montre nou kouman lavi Bondye nan chak kretyen vivan. An nou lapriyè pou zafè meprize moun nan sòti nan kè nou, pou ranplase'l avèk respè epi renmen pwochen nou.*

Manman ki sen, Imaj ou a chaje ak sitiyasyon ki montre chanjman. Sandal Pitit la sot tonbe pandan li kenbe men'w byen di. Y'ap pote zouti Pasyon yo vlope nan yon dra kòm si se te apre Rezireksyon Jezi a yo te ranmase yo. Koulè atis la te chwazi yo fè sa parèt pi plis toujou : ble, vèt ak wouj ki nan rad yo ansanm ak fon dore imaj la. Atis la te vle montrew sou senk nivo pwofondè nan Imaj la. Premye a : men'w k'ap montre Sovè a. Dezyèm nan, se Pitit la, ti Jezi. Twazyèm nivo a se pwòp prezans ou, Manman Mari. Pi dèyè toujou, se zanj yo, ak tout zouti soufrans ou yo. An dènye, se limyè dore ki nan fon Imaj la. Se sa'k fè Imaj la montre tout moun kilès ki Sovè nou an, li montre li nan bouk Nazarèt , sou mòn Kalvè a ak nan tout bèlte'l. Mari, fè'n toujou gen lesperans anfas kontradiksyon ak lanmò chak jou. Ede'n konprann pi byen mistè Redanmsyon nou an

ki pase pa chemen lakwa a ak doulè pou'l rive nan laviktw
Rezireksyon an.

Nevyèm Jou

Tèm : Pote sekou pou plis solidarite ak moun ki pi nan bezwen yo

Meditasyon : *N'ap kontanple je Manman Mari. Nan je Manman Mari yo sanble gen yon fòs k'ap sòti nan yo, se dousè ak renmen. Ann lapriyè li, pou'l geri kè di nou genyen pafwa, pou'l geri dekourajman ak dezespwa nou yo, pou'l fè nou bouke denigre lòt moun, pou'l fè nou gen pèseverans fè sa ki byen.*

N'ap fini nevèn nou an, Manman Nòtredam, avèk lakontantman nan kè nou paske nou jwenn nan Imaj ou a, sans non sa a ou pote a. Nou wè sa nan dousè ki paret nan zye ou. Wi, ou se Pèpetyèl Sekou paske nenpòt kote n'ap gade ou nou wè je ou yo k'ap swiv nou. Nan yo nou dekouvri renmen ou genyen pou nou ansanm ak Jezi, nan yo nou dekouvri kijan ou toujou vle pou pwoteje nou. Y'ap swiv nou san rete, kèlkeswa sitiyasyon nou, chemen kwochi nou, ale nou ak retounen nou.

Ou se Pèpetyèl Sekou nou paske, tankou Imaj la montre nou, jès ou fè pou montre Jezi ap dire pou tout tan. Paske ou la kounye a ak pou tout tan bò kote li, pou'w entèsede pou nou. Se misyon ou pou'w yon Pèpetyèl Sekou pou nou, ou menm ki medyatris lagras Bondye ki pap janm fini yo, malgre tout fot nou yo. Fè nou favè pou lavi nou toujou reponn a Pèpetyèl sekou ou la, nan vini n'ap toujou vin jwenn ou nan lapriyè ak pèseverans.

27 Juin

**Messe de Notre Dame Perpétuel Secours
Fête Patronale d'Haïti**

Antienne d'ouverture

Tu es bénie, Vierge Marie, par le Dieu très-haut,
Plus que toutes les femmes de la terre ;
Jamais la gloire qu'il t'a donnée
Ne s'effacera de la mémoire des hommes (Judith 13)

Prière d'ouverture

Seigneur Jésus-Christ,
Nous vénérons l'image de ta Mère Marie,
Que tu nous as donnée comme une mère perpétuellement prête à
nous secourir.
Donne nous d'implorer son aide maternelle avec tant de ferveur,
Que perpétuellement, nous ressentions les bienfaits de la
Rédemption. Toi qui règnes avec le Père et le Saint Esprit,
maintenant et pour les siècles des siècles. Amen

PREMIERE LECTURE (Au choix) Ap : 12, 1-3. 7-12ab.17

Lecture du livre de Zacharie (2, 14-17) « *J'habiterai au milieu de
toi* »

Chante et réjouis-toi, fille de Sion ; voici que viens, j'habiterai au
milieu de toi. En ce jour-là, des nations nombreuses s'attacheront au
Seigneur, elles seront pour moi un peuple, et j'habiterai au milieu de
toi. – Ainsi par le Seigneur. Tu sauras que le Seigneur de l'univers
m'a envoyé vers toi. Le Seigneur prend possession de Juda, son
domaine sur la terre sainte ; il choisira de nouveau Jérusalem. Que
toute créature fasse silence devant le Seigneur, car Il se réveille et
sort de sa demeure sainte.

PSAUME : Judith 13, 18-20

Tu es l'honneur de notre peuple, Vierge Marie

Sois bénie par le Dieu très-haut
Plus que toutes les femmes de la terre ;
Et béni soit le Seigneur Dieu,
Créateur du ciel et de la terre.
Car le Seigneur t'a dirigée
Pour frapper à la tête le chef de nos ennemis ;
Jamais ton espérance ne s'effacera
Du cœur des hommes
Ils se souviendront à jamais de la puissance de Dieu.
Que Dieu t'exalte éternellement,
Et te comble de tous ses biens,
Toi qui as conjuré notre ruine
En marchant devant Dieu avec droiture.

DEUXIEME LECTURE

Lecture de la lettre de Saint Paul Apôtre aux Galates (4, 4-7) *Le fils de Dieu né d'une femme*

Lorsque les temps furent accomplis, Dieu envoya son Fils ; Il est né d'une femme, Il a été sujet de la Loi juive pour racheter ceux qui étaient sujets de la loi et pour faire de nous des fils. Et voici la preuve que vous êtes des fils : envoyé par Dieu, l'Esprit de son Fils est dans nos cœurs, et Il crie vers le Père en l'appelant « Abba ». Ainsi tu n'es plus esclave, mais fils, et comme fils, tu es héritier par la grâce de Dieu.

EVANGILE

Alléluia. Alléluia.
*Heureuse es-tu Sainte Vierge Marie,
Et digne de toute louange !
Car de toi s'est levé le soleil de toute justice,
Le Christ notre Dieu. Alléluia.*

Evangile de Jésus Christ selon Saint Jean

Jean (19, 25-27) ou (Jn 2, 1-11)

Près de la croix de Jésus se tenait sa mère

Près de la croix de Jésus se tenait sa mère, avec la sœur de sa mère, Marie femme de Cléophas, et Marie Madeleine Jésus, voyant sa mère, et près d'elle le disciple qu'il aimait, dit à sa mère : « Femme, voici ton fils. » puis Il dit au disciple : « Voici ta mère. » Et à partir de cette heure-là, le disciple la prit chez lui.

Prière sur les offrandes

Que, par ta grande miséricorde pour nous, Seigneur et par l'intercession de Marie, la Vierge Mère, auprès de Toi, cette offrande nous obtienne le bonheur et la paix, maintenant et toujours. Toi qui règnes pour les siècles des siècles. Amen.

Préface de la Vierge Marie

Vraiment, il est juste et bon de te rendre gloire, de t'offrir notre action de grâce, toujours et en tout lieu, à Toi, Père très saint, Dieu éternel et tout-puissant, par le Christ, notre Seigneur.

Tu as fait de la mère de ton Fils, la Vierge Immaculée, la mère et le secours du peuple chrétien pour qu'il puisse sous sa protection combattre sans crainte le combat de la foi, demeurer ferme dans la doctrine des Apôtres, avancer en sécurité à travers les dangers de ce monde et parvenir heureusement à la cité du ciel.

C'est pourquoi dès maintenant et pour l'éternité avec la multitude des anges nous te chantons et nous proclamons : Saint, Saint, Saint

Antienne de la communion

Très noble Reine du monde, Marie toujours Vierge,
Demande pour nous la paix et le salut,
Toi qui as mis au monde le Seigneur et Sauveur de tous.

Prière après la communion

Seigneur Jésus,
Fais que nous vienne en aide la sainte intercession de Marie
Ta glorieuse Mère, toujours Vierge,
Afin qu'après nous avoir comblés de bienfaits et délivrés de tout
péril, sa tendresse maternelle unisse nos coeurs. Toi qui règnes avec
le Père et Saint Esprit, maintenant et pour les siècles des siècles.
Amen.

BENEDICTION SOLENNELLE

Dieu a choisi Marie qui a su dire oui a son appel, et nous a appeles
a son service ; qu'il vous envoie dans le monde porter le Christ, notre
salut.

Rx Amen.

Dieu vous a rassemblés autour de la même table et vous a nourris du
même pain ; qu'il vous donne d'être un seul cœur et une seule âme.

Rx Amen.

Dieu a inspiré à la Vierge Marie de s'offrir à lui ; qu'il suscite en
vous le zèle de sa maison par votre union intime avec lui.

Rx Amen.

Et que Dieu tout-puissant vous bénisse, le Père, + le Fils + et le
Saint-Esprit +.

Rx Amen.

27 Jen

**Mès Fèt Notre Dam Pèpetyèl Sekou.
Fèt Patronal peyi Dayiti.**

Refren ki louvri lamès.

Bondye Granmèt la beni ou, Mari ki vyèj, plis pase tout fi ki sou
latè. Nou pa ka janm bliye tout favè ak belte Bondye fè-w jwenn.

(Jidit 13)

Lapriyè Kolèk.

Jezi Granmèt, nap kontanple imaj manman w Mari ke w te ban nou kom yon manman ki toujou pare pou pote-n sekou. Fè ke nou mete tout nou menm ap mande konkou li, li menm ki se yon manman kè sansib. Se pou nou toujou santi tout tan favè delivrans ak benediksyon ki soti nan lanmò ak leve byen vivan w lan. Ou menm k-ap komande ansanm ak Papa a, ansanm ak lespri Sen an depi tout tan e pou tout tan. **Amen.**

Premye moso labib

Lekti liv Zakari (2, 14 -17) « M-ap abite nan mitan pèp mwen an »
Meditasyon : Jidit 13, 18 - 20.

Refren: Ou se lonè ak fyète pèp nou an, Manman Mari.

Se pou Bondye Granmèt la beni w plis pase tout fi ki sou latè. E se pou non Granmèt Bondye ki kreye syèl ak tè a beni.

Paske Granmèt la chwazi w pou kraze tèt chef lènmi nou yo.

Lesperans ou pap janm soti nan memwa lezòm. Y-ap toujou sonje kalite gwo pouvwa Bondye.

Se pou Bondye leve w byen ro pou tout tan, pou-l konble w ak tout favè li yo, ou menm ki fè nou chape anba gwo malè nan mache w ap mache dwat devan l.

Dezyèm moso labib

Lekti lèt Sen Pòl Apot pou moun Galat yo (4, 4-7) : “Pitit Bondye a soti nan vant yon fi”

Aklamasyon : Alelouya. Alelouya.

48A la Chans pou ou, Manman Mari, ou menm ki sen e ki merite tout louanj, paske se nan ou solèy jistis la leve, Kris la, Bondye nou an.

Alelouya.

Men Bòn Nouvèl Jezi Kri selon Sen Jan (19, 25-27): “*Tou pre Kwa Jezi a, manman-l te kanpe*”

Lapriyè sou ofrann yo.

Se pou gras ak kalite kè sansib ou gen pou nou an Granmèt epi ak konkou lapriyè Manman Mari bò kote w, kado sa yo n-ap ofri-w la fè nou jwenn kè kontan ak kè poze depi kounye a e pou tout tan. Ou menm k-ap komande depi tout tan e pou tout tan. **Amèn.**

Prefas Manman Mari

Wi, ou merite sa reyelman vre e se yon devwa pou nou, yon delivrans pou nou. Granmet Papa Ki sen, Bondye ki gen tout pouvwa, ou merite nou di w mèsi tout tan e tout kote, pa pouvwa Jezi Kri Granmèt nou.

Se ou ki fè Manman Pitit ou a, Manman imakile, vi-n tounen Manman ak Sekou pou tout pèp ou sove a, pou li kapab mennen, anba pwoteksyon-l, san li pa pè anyen, bon konba lafwa a, pou li rete solid nan lansèyman Apot yo, epi avanse ak sekirite nan mitan danje ak tèt chaje mond sa a pou li rive ak kè kontan jous nan Wayom syèl la.

Bondye, se poutèt sa, depi kounye a e pou tout tan ki gen tan, nou mete nou avèk tout mesajè w yo ki nan syèl la pou nou fè lwanj ak konpliman pou ou, pou nou chante san rete.... Sen Sen Sen.....

Refren pou lakominyon

Manman Mari, ou menm ki se Rèn linivè, ki merite anpil respè e ki toujou vyèj, ou menm ki Manman Granmèt la, manman Sovè tout tè

a, lapriyè pou nou kapab jwenn kè poze ak delivrans.

Priyè aprè lakominyon

Jezi Granmèt, se pou konkou lapriyè Manman Mari, Manman ou ki nan belte a e ki toujou Vyèj, pote nou sekou. Pou, lè w fi n konble nou ak tout favè ak benediksyon ou yo epi lè w fi-n delivre nou anba tout danje, renmen li kòm manman fè nou viv nan tèt ansanm. Ou menm k-ap komande ansanm ak Papa a, ansanm ak Lespri Sen an depi kounye a e pou tout tan gen tan. **Amen.**

BENEDIKSYON SOLANEL

Bondye chwazi Manman Mari, ki te reponn wi lè-l te rele-l, e li rele nou tout pou nou sèvi-l ; se pou-l voye nou pote Kris la, sèl sovè nou an, bay tout moun sou latè.

Rx Amèn.

Granmèt la rasanble nou tout sou yon menm tab e li ban nou manje nan yon menm pen ; se pou-l fè nou tout gen yon sèl kè ak yon sèl nanm.

Rx Amen.

Bondye te pale nan kè Mari pou l te ofri tèt li nèt ba li ; se pou-l mete nan nou anpil renmen ak devouman pou Kay li a, Legliz la, poutèt nou fè youn ak li tout bon vre.

Rx Amen.

Se pou Bondye ki gen tout pouvwa Papa a, Pitit la ak Lespri Sen an, beni nou byen beni.

Rx Amen.

Chants à Notre Dame

1. Mari wi ou bèl

*Mari, wi ou bèl,
limyè anvayi w',
Lagras konble kè w',
nan ou sekou nou ye!*

1. Jezu te sou kont ou Mari, Se ou ki te manman li. Ou ki manman Bondye, Nan ou espwa nou ye.
2. N-ape fè lwanj pou ou, Mari, ou ki te aksepte pou vin Manman Jezu, Yave te voye a.
3. Nan ou nan pwen peche, Mari, Se lagras nèt ale. Se pou dènye vivan di jan ou byennerèz.
5. Modèl pou chak pitit, Mari, ki gen bon santiman, ki gen bòn volonte, fè tout sa ki kòrèk.
6. Modèl nou nan lafwa, Mari, Mete konfyans nan kè n, fè nou renmen Bondye nan renmen frè nou yo.

2. Nou salue ou Manman

Nòtredam

*Nou salue ou manman Notre
Dam, Manman Jezu ki sove n',
Manman deliivrans ou ye.
Nou salue ou manman Notre
Dam, Manman ki toujou pote*

n' sekou.

1. Manman ki rèn nan syèl la,
Manman ki plen pouvwa,
Manman ki gen kè sansib
Pou tout pitit ou yo.
2. Manman k'ap veye sou nou,
Manman ki toujou la,
Manman ki toujou ap pran
swen n. Lajounen tankou
lannuit.
3. Manman ki konsole nou
Lè nou gen dlo nan je.
Nan lapenn, nan lasoufrans,
Ou toujou soutni nou.
4. Manman ki pran defans nou,
Lè yo vle fè n abi,
Ou pa vle pouvwa yon wa
Sèvi pou kraze lòt.
5. Ou te toujou zanmi pòv
E se pòv ou te ye. Ou pa t janm
nan gran panpan, Bondye leve
ou anlè.
6. Ou toujou devwe pou nou,
ou renmen pèp ayisyen.
Pou tout veròl fin detwi,
W'ap toujou fè dilijans.

3. Manman Pèp Ayisyen

O Mari, manman pèp Ayisyen,

***Ou ki ban nou Jezu sou tè a,
Fè li grandi nan lavi nou.***

1. Nou se pitit ou
Ou toujou bon pou nou,
Se ou pou nou rele
Lè nou bezwen lavi.
2. Esklav nou te ye
Anba tout vye malè
Mouri nou t'ap mouri 60
Nou te bezwen lavi.
3. Anba chenn peche
Jemi n'ape jemi
Nou bezwen delivrans
Se ou k ban nou sovè.
4. Bondye mande ou
Pou fè nou gen lavi,
Se Jezu ki lavi a
Tout tan w'ap ba noul vre.
5. Ròl pa ou la, Manman
Se ban nou Jezu-Kri,
Depi nan Betleèm
Jouk nan Lakominyon.
7. Renmen Bondye a
Ap viv nan ou, Mari
Se menm vi renmen sa a
W'ap mete nan kè nou.
8. Manman nan syèl la
W'ap bay lavi toujou
Ou louvri kè w ban nou
Pou pran nou met ak ou.

4. NOTRE-DAM, MANMAN

MARI

***Notre-Dam, Manman Mari,
ou se manman tout pitit Bondye,
Notre-Dam, Manman Mari,
jodi a, n' ap mande ou konkou.***

1. Ou se manman Granmèt la
chwazi a, ou se manman
Granmèt la met apa, ou se
manman ki konprann plan
Bondye, ou se manman ki konn
sekrè Bondye.
2. Ou se manman Granmèt la ba
nou an, ou se manman ki pote
tout espwa, ou se manman ki
renmen tout pitit, ou se manman
ki pote nou nan kè.
3. Ou se manman ki konnen tout
problèm, ou se manman ki
renmen tout pitit, ou se manman
ki konprann ka tout moun, ou se
manman ki soulaje tout moun.
4. Ou se manman Lespri Sen
kouvri a, ou se manman ki ba nou
bon konsèy, ou se manman
Granmèt la beni an, ou se
manman ki genyen tout pouvwa.

***5. O Notre Dame Auxiliatrice
O Notre Dame Auxiliatrice
Soyez la reine de chez nous
A tous nos vœux soyez propice
Gardez nos cœurs ils sont à***

vous. (2)

1. Soyez la Reine de la route
Que chaque jour nous parcourons
Chassez l'erreur, chassez le
doute. Soyez lumière, joie et
pardon (2)

2. Soyez la Reine de nos âmes
Gardez nos cœurs purs et
vaillants Gardez leur bien toute
leur flamme Gardez, gardez vos
chers enfants. (2)

6.MA MÈRE COMME TU ES BELLE

1. Quand ma voix se fait
entendre
Et mon cri monte vers toi
Tu ne te fais attendre,
Tu es là m'ouvrant les bras.
*O ma mère, comme tu es belle
Quand tu pries à mes côtés
J'aperçois ton doux visage
S'inclinant pour adorer
J'aperçois ton doux visage
Se tournant vers moi pour me
consoler.*

2. O ma Mère je te vénère
Tu es Reine de la paix
De Jésus, tu es la Mère
Tu nous guides par amour.
3. Tu appelles à la confiance
Dans un monde déchiré.

7.SALVE REGINA

Salve, Regina,
Mater misericordiae,
vita, dulcedo et spes nostra, salve.
Ad te clamamus, exules filii Hevae,
Ad te suspiramus gementes et flentes
in hac lacrimarum valle,
Eia ergo, advocata nostra
illos tuos misericordes oculos
ad nos converte. Et Jesum,
benedictum fructum ventris tui
nobis post hoc exsilium
ostende.
O clemens! O pia! O dulcis
Virgo Maria!
Ora pro nobis sancta Dei
Genitrix.
*R/ Ut digni efficiamur
promissionibus Christi.*

8.SOYEZ BÉNI SEIGNEUR

*Soyez béni, Seigneur, en
l'honneur de la Vierge Marie,
Soyez béni, Seigneur.*
1. Vous êtes belle, ô Notre
Dame auprès du Père en Paradis.
Comblée de biens par le
Seigneur dont l'amour chante en
notre vie.
2. O Vierge Mère du Sauveur
depuis toujours Dieu vous

aimait. Pensant à vous pour être là quand parmi nous son fils viendrait.

3. Le Seigneur vint un jour du temps pour partager notre labeur. Vous étiez là pour le donner. À sa mission de Rédempteur.

4. Dans son Royaume de lumière. Où Dieu vous place auprès de Lui, vous êtes Reine et vous brillez comme l'aurore après la nuit.

9. TOI, NOTRE DAME

Toi, Notre-Dame, nous te chantons. Toi, notre Mère, nous te prions. 62

1. Toi qui portes la vie
Toi qui portes la joie
Toi que touche l'esprit
Toi que touche la Croix.

2. Toi qui donnes l'espoir
Toi qui gardes la foi
Toi qui passes la mort
Toi, debout dans la joie.

3. Toi, le cœur sur la main
Toi, la joie pour les yeux
Toi, le miel et le vin,
O sourire de Dieu.

10. Tout moun k'ap viv sou

latè.

***Tout moun k'ap viv sou latè
Y'ap di ala mwen gen chans,
Bondye ki gen tout pouvwa
Fè anpil mèvèy pou sèvant li ki pòv.***

1. Map chante lwanj Granmèt la,
Lespri m kontan nan Bondye, Se
li menm ki vin sove m, Li voye
je li sou sèvant li ki pòv.

2. A pati jodi a menm. Tout
moun kap fèt sou latè. Yap
chante jan mwen gen chans Sa
ki plen pouvwa a fè gran mèvèy
pou mwen.

3. Li gen yon non ki apa, Li gen
yon kè ki sansib, Pou tout moun
yo ras an ras, Sa ki met tout kè
yo pou yo adore

11. VIV MANMAN NOTRE DAM

***Viv Manman Notredam,
Manman pèp ayisyen
Espwa nèg ak nègès,
Nou vin fè ou konpliman.***

(Dènye pèp sou latè ap chante
pou ou *Ap danse pou ou, bat
bravo pou ou.*)

1. Mari, se rèn lakay nou ou ye
Bèl kouròn ou sou tèt ou
Manman se ou k'ap veye sou

nou Toujou kanpe avèk nou.

2. Mari se ou ki avoka nou Se ou
k'ap defann kòz nou Manman
soufrans nou se soufrans ou
Toujou siye dlo nan je nou.

Chez nous soyez Reine

**Chez nous, soyez Reine, nous
sommes à vous. Régné en
souveraine chez nous, chez
nous Soyez la madone qu'on
prie à genoux, Qui sourit et
pardonne, Chez nous, Chez
nous.**

1. Salut, ô Notre-Dame, Nous
voici devant Vous, Pour confier
nos âmes. A votre cœur si doux.

2. Vous êtes notre Mère, Portez
à votre Fils. La fervente prière.
De vos enfants chéris.

3. L'Archange qui s'incline.
Vous loue au nom du ciel. 63
Donnez la paix divine. A notre
cœur mortel.

4. Gardez, ô Vierge pure, O
Cœur doux entre tous. Nos âmes
sans souillure. Nos cœurs
vaillants et doux.

5. Dites à ceux qui peinent Et
souffrent sans savoir Combien
lourde est la haine, Combien
doux est l'espoir.

6. Lorsque la nuit paisible. Nous

invite au sommeil, Près de nous,
invisible, Restez jusqu'au
réveil.

7. Soyez pour nous, la Reine De
douce charité, Et bannissez la
haine De toute la cité.

8- A notre heure dernière
Accueillez dans les cieux. A la
maison du Père. Notre retour
joyeux.

A la ou bèl

1- Se Manman Mari Rèn Syèl la
k-ap louvri rout pou nou, nou pa
bezwen pè, menm si n-ap soufri
men yon jou na delivre, Pèpetyel
sekou, se bon manman tout pèp
Ayisyen, l-ap veye sou nou, l-ap
pote-n sekou, nou pa bezwen pè.

Refrain : Oui ou bèl Manman
Mari, wi ou bèl manman Jezi,
ala ou bèl manman Bondye, ala
ou bel Rèn kè poze, lapriyè pou
Ayiti, lapriyè pou Legliz la,
aprann nou fè yon sèl paske se
konsa n-ap jwenn kè poze.

2- Se Manman Mari Rèn Syèl la
k-ap louvri rout pou nou, nou pa
bezwen pè, satan dechennen
men Jezi kri sove nou, Pèpetyel
sekou, se bon manman tout pèp
Ayisyen, l-ap veye sou nou, l-ap

proteje nou, nou pa bezwen pè.
3- Se Manman Mari, manman k
ap defann koz Pitit li, nou pa
bezwen pè menm si-n gen
pwoblem, l-ap ede-n jwenn
solisyon, Pèpetyel Sekou,
Manman chaje ak mizèrikod,
satan dechennen, li vle mare nou
men n-ap delivre.
4- Konpliman Papa a pou Mari
ou fè Imakile, konpliman pou ou
Jezi ki sove nou, ki ban nou
Manman sa, konpliman pou ou
Lespri Sen ki fome kè Mari, se
nan kè sa a menm tout pitit
Bondye yo rekonsilye.

CHANT

*Nous sommes ton Église ton peuple rassemblé. Ton souffle
fait revivre nos cœurs de baptisés (bis)*

1- C'est toi Seigneur qui nous appelles et nous
venons te rencontrer. Voici la fête que tu crées
pour allumer le feu qui renouvelle. Libère-nous
comme l'enfant qui veut chanter le Dieu vivant
(bis)

2 - Tu nous appelles à te connaître et nous venons
pour t'écouter. Voici la fête que tu crées pour
révéler les mots venus du Père. Libère-nous

comme le sourd Qui entendit ta voix d'amour.
(bis)

KYRIE:

Seigneur prends pitié de nous
O Christ prends pitié de nous
Seigneur prends pitié de nous

Gloria:

**Gloria viv Bondye, viv Bondye nan syel la,
louanj ak konpliman tout se pou ou papa. Gloria
viv Bondye nan syel la, onè louanj e glwa pou
jezi ak Lespri sen an.**

- 1- Louanj pou Bondye ki sove nou, li kreye
nou paskel renmen nou. Tout sa li fè
ekstrawodinè, bravo pou li, louanj pou non
li.
- 2- Louanj pou Jezi k montre n Papa, gras a li
menm, nou konnen Bondye. Li bay lavi l
sou bwa lakwa pou ras lèzom te kab delivre.
- 3- Jezi ale n pa ofelen, li bann Lespril pou kap
pran swen nou. Lwanj Lespri sen fos
renmen an lap devwale tou sa ki kache.
- 4- Louanj pou Papa, Pitit lespri a yo fè yon sel
anlè tout bagay. Nan kominyon avek dialog,
yo twa aji an favè tè a.

PSAUME RESPONSORIAL:

Que le Seigneur soit votre joie, hommes justes !

Le Seigneur est roi ! Exulte la terre !

Joie pour les îles sans nombre !
Ténèbre et nuée l'entourent,
justice et droit sont l'appui de son trône.

Devant lui s'avance un feu
qui consume alentour ses ennemis.
Quand ses éclairs illuminèrent le monde,
la terre le vit et s'affola.

Les montagnes fondaient comme cire devant le Seigneur,
devant le Maître de toute la terre.
Les cieux ont proclamé sa justice,
et tous les peuples ont vu sa gloire.

Honte aux serviteurs d'idoles qui se vantent de vanités !
À genoux devant lui, tous les dieux !
Haïssez le mal, vous qui aimez le Seigneur,
car il garde la vie de ses fidèles.

Offertoire

Tu es béni, Dieu de l'Univers, toi qui nous donnes ce pain,
fruit de la terre et du travail des hommes. Nous te le
présentons, il deviendra le pain de la vie.

Béni soit Dieu, maintenant et toujours.

Tu es béni, Dieu de l'Univers, toi qui nous donnes ce vin,
fruit de la terre et du travail des hommes. Nous te le
présentons, il deviendra le vin du Royaume éternel.

Béni soit Dieu, maintenant et toujours.

Sanctus

Sen, Granmèt wi ou sen, sen sen sen Granmèt wi
ou sen tout bon vre.

Ozana viv Bondye nan syel la (bis)

1-Syèl la avèk tè-a ap chantee mèvèy ou fè. Ozana
viv Bondye nan syèl la.

2-Viv sila-a kap vini an O non Granmèt la. Ozana
viv Bondye nan syèl la.

Anamneses :

AGNUS DEI :

1 - Agneau véritable, Jésus fils de Dieu,
tu donnes sens à l'homme, Agneau sans péché.

2 - Agneau véritable, Jésus fils de Dieu,
tu rassembles les hommes, Agneau de la paix.

3 - Agneau véritable, Jésus fils de Dieu,
pain rompu pour les hommes, Agneau immolé.

Communion I

*O Jésus toi qui nous donnes le pain de vie qui ressuscite.
O Jésus viens en nous transformer nos cœurs de pierre
en ton amour*

1-le pain que Dieu te donne est semence de vie.
Quiconque en mangera a la vie éternelle.

2-Reviens vite parmi nous, signe de l'alliance,
habite dans les cœurs assoiffés de ta grâce.

3-Allons, allons ensemble, buvons a cette coupe.
C'est lui qui donnera l'eau fraîche de la vraie vie.

4-Que ton corps Seigneur que nous venons de
prendre soit pour nous une joie qui réjouit les
cœurs

ACTION DE GRACE

Mànyifikat, mèsì Bondye. Dènye ras vivan ap chante pou mwen. Y ap plede di mèsì Bondye.

- Kè m ap chante lwanj ou Bondye Granmèt mwen, pou jan ou panche kè ou vin jwenn pòv sèvant ou a. Alèkile atò men dènye ras moun yo pral chante lwanj pou mwen y ap di : Ala chans Mari genyen !
- Se fòs ponyèt ou vre ki fè mèvèy sa yo, fò m di ki jan non ou sen pou jan ou renmen nou. Se ras an ras vre ou pap janm bliye moun ki gen konfyans nan ou k ap di : Ala chans Mari genyen !
- Ou montre pouvwa ou ou gaye towò yo. Ou plen vant malere yo gwo richa yo fè zewo. Pou Israel vre, renmen chire kè ou. Apa dènye mou nap di : Ala chans Mari genyen !
- Ou kenbe pwomès ou pou papa nou yo. Ou pa bliye Abraham, Izaak ni Jacob. Tout tan k ap gen tan, fòk yo chante lwanj ou. Gras ak Lespri Jezikri m ap di : Ala chans Mari genyen !

Chant d'Entrée

Bondye nou vinn fè ou konpliman, Bondye nou vin di ou nou kontan, pou tout saw te fè pou nou.

- Nap fè konpliman pou ou vre nap di ou msè ak tout kè nou, se ou ki sèl chef ki sou tèa ni nan syèl la toupatou.
- Se li kit e vinn sove nou, se li kape toujou prank a nou, se li kape toujou prank a nou, men wi mezanmi se byen vre.

Kyrie: Solis: Frem yo: **Foul:** mmmm

An nou mande Bondye poul gin pitye pou.

Foul: Granmèt, Granmèt, Granmèt, Granmèt pitié pou nou.

Jezi kri, pitye pou nou (3fwa)

Granmèt, Granmèt, Granmèt, Granmèt pitié pou nou.

GLORIA :

Viv Bondye nan syèl la sou tè a se pou pèp li a viv ak kè poze, n ap fè lwanj pou li se li n ap adore n ap fè konpliman pou li.

N ap louwe non ou devan tout nasyon yo, n ap deklare yo tout mèvèy ou fè. Avèk pouvwa ou ou kreye syèl la, ou kreye tè a. Fò n di : Alelouya !

Tout sa k sou latè fè lwanj pou Granmèt la, tout zwazo nan syèl yo fè mizik pou li. Tout bwa k ap souke fè lwanj pou Granmèt la, nou menm ki kretyen fò n di : Alelouya !

Ou ban ou Jezi pou n kwè pi fèm toujou, se mouton ou lan ki vin sove nou. Ou ban n Lespri Sen pou sèvi n temwen. Grak ak Lespri Sen an n ap di : Alelouya !

Bénis le Seigneur, ô mon âme,
bénis son nom très saint, tout mon être !
Bénis le Seigneur, ô mon âme,
n'oublie aucun de ses bienfaits !

Car il pardonne toutes tes offenses
et te guérit de toute maladie ;
il réclame ta vie à la tombe
et te couronne d'amour et de tendresse.

Le Seigneur fait œuvre de justice,
il défend le droit des opprimés.

Il révèle ses desseins à Moïse,
aux enfants d'Israël ses hauts faits.

Le Seigneur est tendresse et pitié,
lent à la colère et plein d'amour.
Il n'agit pas envers nous selon nos fautes,
ne nous rend pas selon nos offenses.

PRIERE UNIVERSELLE

Bon papa souple, koute vwa pitit ou yo kape relew Bon
papa souple, koute priyè nap fèw jodia.

Offertoire

**Nous voici tout joyeux de pouvoir célébrer ton amour. Nous voici
pour te présenter le fruit de nos travaux**

1 - Voici le repas, voici le pain que tu nous a donné en ton amour Et
voici le vin qui réjouit, ô Seigneur le cœur de tes fils

2 - Voici nos efforts, voici nos peines et voici notre soif de vérité
Voici nos désirs de partager les soucis de nos frères et sœurs.

Sanctus

**Se ou ki sen Granmet se ou ki sen, se ou ki sen,
se ou ki sen. Se ou ki sen Granmet se ou ki sen,
se ou ki sen, se ou ki sen tout bon.**

- Mèvey ou yo declare jan ou gran. Se ou ki
sen Syèl ak tè a plin avek bèlte ou, nap
rele viv pou ou.
- Tout sa ou fè ape rele bravo.....pou sila ou
voye vin deliver n, nap rele vivi pou ou.

AGNUS DEI:

Agneau de Dieu qui prend nos péchés (bis)
Tu donnes joie au monde joie !

Tu donnes joie au monde

Agneau de Dieu qui prend nos péchés (bis)
Tu donnes Vie au monde vie !
Tu donnes Vie au monde
Agneau de Dieu qui prend nos péchés (bis)
Tu donnes Paix au monde paix !
Tu donnes Paix au monde

COMMUNION I

Sa Jezi-Kri ye?

**Jezi -Kri se pen vivan Bondye voye bay pèp li a
Manman Mari pote l pou nou, Manman Mari pote l pou
nou**

1-Jezi se pen k sòti nan syèl
Bondye ban nou l pou lavi n pi anfòm

2-Jezi di nou : " Chèche sitou manje
nan pen ki pap janm fini an."

3-Bondye Granmèt toujou ba nou
Manje vivan ki sèti nan syèl la

4-Moun ki manje nan pen silaa
An verite li pa gen dwa mourir

5-Pen pou n manje si kè nou pwòp
Si n abiye avèk lavi Bondye

6-Pen pou n manje si nou renmen
Si n fè ak lòt jan Bondye fè ak nou

ACTION DE GRACE II

Magnificat le Seigneur vient vers moi
Magnificat le Seigneur est en moi.

- Je sens sur moi son regard se poser je suis enfin reconnu et aimé.
 - Entre ses mains je demeure présent entre ses mains disponible et confiant.
 - Je veux rester devant lui pour lui redire à nouveau un vrai oui.
 - Je sais qu'il voit ma souffrance et ma peur, et qu'il comprend tous mes cris de douleur.
 - Chacun de nous est vraiment son enfant pour lui je veux être plus transparent.
-

Le Cœur immaculé de Marie

Chant d'entrée:

Lwanj pou Bondye li minm ki gin bon kè, li minm ki renmen nou pou tout tan gin tan.

- 1- Tout sa Bondye fè se poun chante lwanj pou Bondye, ***se poun adore li pou toutan gintan.*** Mesaje Bondye se poun chante lwanj pou Bondye..... Tout sa ki nan syel.....dlo ki anro syel.....
- 2- Tout sa gin pouvwa se poun chante lwanj pou Bondye.....sole yak

latin.....zetwal ki nan syel.....lapli
larouze.....

GLORIA

Gloire à Dieu le Seigneur nous aime, joie au ciel que la terre exulte. Qu'on l'acclame, il est grand notre Dieu. Pour toujours il donne sa paix.

1-Nous te louons, nous te bénissons. Nous t'adorons, nous te glorifions, nous te rendons grâce.

2-Seigneur notre Dieu, tu es tout puissant ; nous te chantons et nous proclamons, ton immense gloire.

3- Toi Jésus-Christ, tu es le Seigneur, le Fils du Père et l'Agneau de Dieu, tu es notre Frère.

4.- Seigneur Jésus-Christ prends pitié de nous. Toi qui donnes aux hommes l'envie de chanter, reçois nos prières.

MEDITATION (Ps 88 (89))

Sans fin, je lui garderai mon amour.

« Avec mon élu, j'ai fait une alliance, j'ai juré à David, mon serviteur : J'établirai ta dynastie pour toujours, je te bâtis un trône pour la suite des âges. »

« Sans fin je lui garderai mon amour, mon alliance avec lui sera fidèle ; je fonderai sa dynastie pour toujours, son trône aussi durable que les cieux.

« Si ses fils abandonnent ma loi et ne suivent pas mes volontés, s'ils osent violer mes préceptes et ne gardent pas mes commandements.

« Je punirai leur faute en les frappant. et je châtierai leur révolte,

mais sans lui retirer mon amour,
ni démentir ma fidélité. »

ACCLAMATION:

Allelu, allelu, allelu alleluia gloire a toi Seigneur (bis)
Gloire a toi Seigneur, alleluia, gloire a toi Seigneur, alleluia

OFFERTOIRE:

*Bondye, ou menm ki ban'n tou sa k sou tè a, min pitit ou yo
kap vinn jwen ou (2)*

- Avek pen nap ofriw la, nap sonje tout lot frèn yo kap redi kap goumin pou yo viv.
- Ansanm ak tout legliz ou nap ofriw diven an pou n aprann viv pi byen a fre n yo.
- Tout renmen ki nan kè nou se ou minm ki metel nou vini remèt li nan men ou.
- Ou minm ki ba nou la vi se pitit ou ye, prank a nou fèn viva kè poze.

Sanctus : Sen, Granmèt wi ou sen, sen sen sen
Granmèt wi ou sen tout bon vre. **Ozana viv
Bondye nan syel la (bis)**

1-Syèl la avèk tè-a ap chantee mèvèy ou fè. Ozana viv
Bondye nan syèl la.

2-Viv sila-a kap vini an O non Granmèt la. Ozana viv
Bondye nan syèl la.

Anamnèse : Tu es Seigneur notre résurrection alléluia

AGNUS DEI:

Agneau de Dieu, agneau de dieu, agneau
qui enlève le péché du monde. Prends
pitié de nous (bis)

Agneau de Dieu, agneau de dieu, agneau qui
enlève le péché du monde. Donne, donne-nous la
paix.

COMMUNION I

*En marchant vers toi, Seigneur, Notre cœur est plein de joie :
Ta lumière nous conduit vers le Père, dans l'Esprit, au
royaume de la vie.*

1 - Par ce pain que nous mangeons
Pain des pauvres, pain des forts
Tu restaures notre corps
Tu apaises notre faim
Jusqu'au jour de ton retour.

2 - Par ce pain que nous mangeons
Pain des anges, pain du ciel
Tu nourris nos corps mortels
Tu nous ouvres le banquet
Qui n'aura jamais de fin.

Action de Grâces

**Magnificat, magnificat, Granmèt la voyé jé gade, nap
di mési pou sa, magnificat, magnificat, Granmèt la
voyé jé gadel nap di bravo pou sa**

1-li voyé jé l sou mwen, bravo pou sa
Se li men m ki chwazi m, bravo pou sa
Li pa d il tro piti pou l vin lakay mwen bravo, bravo pou sa

2-li k Bondye k fè mèvey
li toujou gen pitye.....
non li sen non li gran fom chantel tout tan.....

3-Li metel bo fèb yo.....
li chita kote yo.....
granpanpan yo minm men yo va pèdi pye.....

4-li voye pov yo anlè.....
li fese rich yo a tè.....
li kenbe pwomès li pou pèp li k fidèl

5-A la fè l fè pou mwen.....
li montrem jan li bon.....
li fem wè jan l renmenm menmsi m pa anyen.....

6-Viv papa ki Kreyem
Viv Jézi ki relem
viv Lespri a kenbem nan renmen tout bon.....

GLORIA

***Gloire à Dieu dans le ciel, Grande paix sur la terre
Gloire à Dieu dans le ciel, Grande paix sur la terre***

Nous te louons, nous te bénissons, nous t'adorons,
Nous te glorifions, nous te rendons grâce pour ton immense gloire.

Seigneur Dieu, le Roi du ciel,
Le Père tout Puissant, Seigneur Dieu, Agneau de Dieu, le Fils du Père.

Le seul Saint, le seul Seigneur,
Le seul Très-Haut Jésus-Christ, avec l'Esprit, dans la gloire du Père.

C'est pour toi que j'endure l'insulte,
que la honte me couvre le visage ;
je suis un étranger pour mes frères,
un inconnu pour les fils de ma mère.
L'amour de ta maison m'a perdu ;
on t'insulte, et l'insulte retombe sur moi.

Et moi, je te prie, Seigneur :
c'est l'heure de ta grâce ;
dans ton grand amour, Dieu, réponds-moi,
par ta vérité sauve-moi.
Réponds-moi, Seigneur,
car il est bon, ton amour ;
dans ta grande tendresse, regarde-moi.

Les pauvres l'ont vu, ils sont en fête :
« Vie et joie, à vous qui cherchez Dieu ! »
Car le Seigneur écoute les humbles,
il n'oublie pas les siens emprisonnés.
Que le ciel et la terre le célèbrent,
les mers et tout leur peuplement !

ACCLAMATION

***Alléluia, alléluia, le Seigneur nous appelle, alléluia, alléluia,
il est la il nous attend.***

- Proclamons ses merveilles, au son des instruments,
acclamons tous ensemble, le Seigneur Dieu.

CREDO

***Wi mwen kwe nan bondye a se li ki met la vi mwen,
mwen déjà finn sètifye, sal di se verite.***

Mwen kwen ginyin Papa k met tout pouvwa e met syel la ak te a li fe tout sa je we e li fe tout sa je pa k we, tout sal kreye yo la yo depase tout pouvwa lezom ginyin, pesonn pap di anyin nap kinbe la fwa jiska lafin.

Mwen kwe gin Jezi kri li se granmet e se sel pitit papa. Lila depi tout tan e se bondye ki sot nan bondye li te vinn sou te a e lte pase kek bon lane pami nou se lanmo sou kwa kap pemet nou rive nan syel la.

Mwen kwe gin Lespri sen ki te pale le pwofet yo tap pale, se li kap met dife kap pemet pep bondye a vanse, lap simaye lanmou ki sot nan papa ansanm ak pitit la nap tann tout mo leve nap tann lavi kap vini an.

Entends nos prières, entends nos voix entends nos prières, entends nos voix monter vers toi.

Communion I

Proche vini, vini manje pen ki bay lavi-a, vini non ! Jezi se pen BonDye ban ou pou-n kap vini nouvo.

- 1- Jezi se chemen li se verite, li se lavi, se lavi BonDye a men-m li ye (vini, vini)
- 2- Jezi-Kri se pen vivan ki tonbe soti nan syel, pou dènye vivan kab gen lavi (vini, vini)
- 3- Jezi se manje ki ban ou plis fos, ban ou kouraj. Pou-n kapab konbat move lavi (vini, vini)

Action de grâce

Magnificat Magnificat mon cœur exulte d'allégresse (bis)

1 - Il s'est penché sur son humble servante
Désormais l'on me dira bienheureuse
Le Seigneur fit pour moi des merveilles
Saint est son nom

2 - Son amour se répand d'âge en âge
Sur tous ceux qui le craignent
Il déploie l'élan de sa force
Il disperse les superbes.

3 - Il renverse les grands de leurs trônes
Il élève les humbles
Il remplit le cœur de ses pauvres
Et déjoue la main des riches

4 - Il relève Israël et nos Pères
Car il tient ses promesses
Il bénit Abraham et sa race
A jamais dans sa tendresse

***Vini fè gran fèt pou Gran Mèt la
Paske Gran Mèt la fè mèvèy.***

1. Vini, an nou fete Gran Mè la. An nou bat bravo pou fòs ponyèt li kap sove nou. Paske li mete chèf kap kòmande pèp li a. Se nan bouch chèf sa yo li mete pawò li.

2.- Pwoche devan li avèk gwo louwanj. Fete li ak tout kalite bèl chante. Paske Gran Mèt la se sèl Bon Dye tout bon. Sèl Gran, sèl Chèf, sèl Wa anwo nèt.

3.- Ni anba tè, ni anwo tèt mòn. Se nan pla men li tout sa rete. Ni tout fon kè ak tout aktivite. Se li sèl ki kontwole yo tout.

Seigneur Dieu, Roi du ciel, Dieu le Père tout-puissant.

Seigneur, Fils unique, Jésus Christ,

Seigneur Dieu, Agneau de Dieu, le Fils du Père;

Toi qui enlèves le péché du monde, prends pitié de nous;

Toi qui enlèves le péché du monde, reçois notre prière;

Toi qui es assis à la droite du Père, prends pitié de nous.

Car toi seul es saint, toi seul es Seigneur,

Toi seul es le Très-Haut : Jésus Christ, avec le Saint-Esprit

Dans la gloire de Dieu le Père. Amen.